

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrpsikeun Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di kelas XI SMA. Aya tilu nu bisa dicindekkeun tina ieu panalungtikan, nya éta struktur carita novél, ajén moral dina novél, jeung bahan ajar maca novél.

Struktur novél *Kakarén Révolusi* nyoko kana téma, fakta carita, jeung sarana carita. **Téma:** téma ieu novél kabagi jadi téma mayor jeung minor, téma minor ieu novél nya éta pegatna tali sosobatan lantaran pagedrugna paham, perjuangan mertahankeun lemah cai, kacowna sistem pulitik bangsa republik, konflik batin antara anak jeung bapa, sarta weritna hirup jaman harita. Sarta téma mayor ieu novél nya éta téma mayor ieu novél téh nya éta rupa-rupa pasualan anu dirandapan ku bangsa républik, utamana pasualan sistem politik jeung ekonomi balukar tina ekspansi nu dilakukeun ku Walanda. **Galur:** pangarang make galur mobok tengah atawa galur campuran, lantaran unggal bagianna teu salawasna ngaguluyur. **Tokoh:** Dina ieu novél aya 59 tokoh. Tina 59 tokoh ngawengku 2 tokoh utama nya éta Erom jeung Rusli, sarta aya 57 palaku tambahan Éta tokoh-tokoh aya anu miboga ngaran séwang-séwang, aya nu disebutkeun pangkatna hungkul, aya ogé anu teu disebutkeun ngarana, mung ukur maké kecap sesebutan jalma (persona). Watek tokoh anu kagambar dina ieu novél kapanggih ku cara niténan kalakuanana, omonganana, pikiranana, jeung naon nu dikedalkeun atawa dipikirkeun ku tokoh ngeunaan dirina sorangan. **Latar:** latar anu kapanggih dina ieu novél geus dianalisis boh latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial tangtuna disaluyukeun jeung téma tur galur dina unggal caritana. Latar tempat general dina ieu novél rata-rata aya di pasisian Bandung, sedengkeun latar farsial dina ieu novél béda-béda. Latar waktu anu aya dina ieu novél ogé aya nu nuduhkeun latar waktu anu tangtu (absolut), aya ogé anu nuduhkeun latar waktu anu teu tangtu (parsial). Latar sosial ieu novél nya éta kahirupan masarakat Indonesia, hususna masarakat Sunda nu aya di pilemburan.

Ajén moral anu nyangkaruk dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono kapanggih ku cara niténan tina paripolah, sikep, jeung omongan atawa kekecapan tokoh anu aya dina ieu novél. Katitén aya 11 ajén moral anu nyangkaruk dina ieu novél. Dumasar kana kritéria pamilihan bahan pangajaran, bisa dicindekkeun novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono bisa dipaké pikeun bahan pangajaran.

5.2 Rekomendasi

Sawatara saran atawa rékomendasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nya éta: 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui. Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa pikeun ngarojong pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus disusun soal jeung matéri pangajaran. Masarakat pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan nyangkem karya sastra saperti loba maca karya kritik sastra atawa kajian sastra. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé.